

## Òdonans Esklizyon pou Absans Dosye (Fòm Jòn)

### Kisa lèt sa a ye?

Lèt sa a se yon avi legal. Lekòl oswa gadri timoun ou an kote timoun ou an ale a pa gen yon dosye sou vaksen timoun ou an. Ou dwe soumèt yon dosye anvan Jou Esklizyon an oswa timoun ou an p ap otorize ale lekòl oswa nan gadri jiskaske dosye yo mete ajou.

### Kisa w dwe fè?

➤ **Si w gen yon dosye vaksen timoun ou an:**

Pote dosye a nan lekòl oswa nan gadri timoun ou an.

➤ **Si w pa gen yon dosye, men timoun ou an te resevwa vaksen yo:**

Rele kabinè doktè timoun ou an oswa ALERT IIS, ki se rejis vaksinasyon Oregon an nan 1-800-980-9431. On fwa w gen dosye a, pote l nan lekòl oswa nan gadri timoun ou an.

➤ **Si timoun ou an pa te resevwa vaksen yo:**

Pran yon randevou san pèdi tan pou li resevwa vaksen yo. Enfòme yo ke yo pral ranvwaye timoun ou an nan lekòl oswa nan gadri epi voye l lakay li si l pa pran vaksen yo. Si w pa gen yon doktè, rele 211. Yo ka ede w jwenn yon klinik pou l resevwa vaksen yo. On fwa w gen dosye vaksen an, asire w bay yon kopi nan lekòl la oswa nan gadri a.

### E si yon doktè te di w timoun ou an pa ta dwe pran vaksen yo?

Oregon otorize yon egzansyon medikal. Yon doktè oswa depatman sante lokal la dwe siyen l. Si w panse timoun ou an bezwen yon egzansyon medikal, pale avèk founisè swen medikal timoun ou an.

### E si w ap chwazi pou li pa resevwa vaksen yo?

Oregon otorize yon egzansyon ki pa medikal. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn yon egzansyon ki pa medikal, ale sou [www.healthoregon.org/vaccineexemption](http://www.healthoregon.org/vaccineexemption).

### E si w gen kesyon?

Rele depatman sante lokal ki endike nan avi legal la. Yo ka reponn kesyon w yo pou ou.